

**AKTUALISASI DHIRI PARAGA UTAMA SAJRONE NOVEL KORI WUS TINARBUKA
ANGGITANE MM. SRI HARYANTI, S.S**

(PSIKOLOGI HUMANISTIK ABRAHAM MASLOW)

E-JOURNAL



**Dening:
SITI ZUROTUL FARIDA FITRIANA
16020114008**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

2020

**AKTUALISASI DHIRI PARAGA UTAMA SAJRONE NOVEL KORI WUS TINARBUKA ANGGITANE MM.
SRI HARYANTI, S.S**

Siti Zurotul Farida Fitriana

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
sitzurotulfarida@gmaill.com

Prof. Dr. Darni, M.Hum

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
darniunesa@gmail.com

Abstrak

Karya sastra minangka gegambaran kahanane masyarakat lan gegambaran perkara-perkara sajrone panguripane manungsa. Perkara-perkara kang diadhepi manungsa mau pranyata gegayutan karo kajiwane manungsa. Novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S iki kapilih dadi objek sajrone panliten iki, amarga novel iki nduweni bab sing onjo ing perangan psikologis, mligine ing paraga utamane. Saliyane iku novel *Kori Wus Tinarbuka* iki uga nggambareke paraga utama sing nindakake proses *aktualisasi* dhiri, sawijining proses kanggo bisa nggayuh pakaryan supaya bisa urip sing laras karo pepenginane. Mula teori kang slaras kanggo nintingi babagan psikologise paraga utama kasebut digunakane pamarekan psikologi, mligine psikologi humanistik Abraham Maslow. Panliten iki ana telu underaning panliten ing antarane yaiku (1) wujud *aktualisasi* dhiri paraga utama, (2) babagan kang njurung *aktualisasi* dhiri paraga utama lan (3) pepalang kang diadhepi dening paraga utama ing proses *aktualisasi* dhiri. Adhedasar undheran panliten kasebut, ancasing panliten iki yaiku ngandharake wujud *aktualisasi* dhiri, babagan sing njurung *aktualisasi* dhiri lan pepalang kang diadhepi paraga utama nalika proses *aktualisasi* dhiri sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka*. Dene paedahe panliten kanthi praktis yaiku bisa menehi rangsangan kanggo panliten sabanjure, uga kanggo titikan mangerten karya sastra saengga bisa menehi kawruh sing luwih jembar ngenani bab psikologi humanistik Abraham Maslow. Panliten ngenani *aktualisasi* dhiri paraga utama sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S iki mujudake panliten kualitatif kanthi ngasilake dhata deskriptif. Kanggo nintingi kajiwane paraga utama, mula digunakake tintungan sing laras, yaiku tintungan psikologi sastra kanthi pamarekan psikologi humanistik adhedhasar teori kapribadhen saka Abraham Maslow. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku novel *Kori Wus Tinarbuka* kanthi dhata asil saka kagiyatan maca sumber dhata kanthi tliti. Asil saka panliten iki ditemokake telu undheran, kapisan wujud *aktualisasi* dhiri, wujud *aktualisasi* dhiri paraga utama sajrone *Kori Wus Tinarbuka* ditemokake nem titikan linandhesan saka 15 titikan pawongan kang nindakake proses *aktualisasi* dhiri sing diandharake dening Maslow, ing antarane yaiku (1) Nrima, (2) Mandhiri, (3) Spontan, prasaja, lan wajar, (4) Nduweni kawigaten sosial, (5) Kabutuhan privasi lan (6) Kreatif. Kapindo, babagan kang njurung *aktualisasi* kasebut. Kaping telu, diandharake ngenani pepalang kang diadhepi paraga utama kang cacahe ana loro sing bisa kajupuk saka panliten sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S

Tembung wigati : Aktualisasi dhiri, Psikologi Humanistik, Urip Mandhiri

PURWAKA

Landhesan Panliten

Karya sastra minangka gegambaran saka panguripane manungsa. Sastra uga bisa diarani dadi kaca pangilone saka kasunyatan. Lumantar karya sastra, pangripta ngandharake gegambaran ngenani panguripan kang ana ing sakupenge manungsa saben dinane. Karya sastra mujudake asil saka *kreativitase* pangripta sarana basa. Karya sastra kasusun saka kedadeyan-kedadeyan kang watake *imajinatif*. Sastra ora bisa uwat saka bebrayan, amarga saka masyarakat bisa tuwuh sastra.

Karya sastra uga ngemot piwulang lan tuntunan kanggo pamaca sajrone panguripan. Pangrembakane kasusastraan Jawa wis akeh owahan ing jamane, wiwit saka kakawin, kidung, macapat nganti nganti awujud sastra sing paling modern yaiku crita rekaan.

Miturut Hutomo (1975:16), nalika taun 1945 kesusastraan Jawa modern, tuwuhan lan ngrembaka kanthi cepet lan nyenengake.

Nanging cepet ngrembakane iki luwih njurug malang sastra kalawadi utawa sastra surat kabar tinimbang sastra buku. Senadyan sastra Jawa luwih dadi sastra majalah utawa *surat kabar*, nanging tetep ora gawe sastra Jawa sajrone wujud buku dadi ora digatekna utawa ora diterbitake dening penerbit. Kahanan sastra Jawa modern saiki panceñ isih diliputi mendung, nganti saperangan ahli ngramal yen sastra Jawa modern ora nduweni umur kang dawa, pandangan kasebut ora sakabehe bener, nganti saiki sastra Jawa modern isih ana. Panceñ panguripane sastra Jawa modern ora moncer kayadene sastra Indonesia, nanging sastra Jawa modern isih ana nganti saiki (Darni, 2015). Salah sawijine karya sastra Jawa modern sing isih ana nganti saiki yaiku novel.

Miturut Abrams sajrone Nurgiyantoro (2010:9) novel yaiku sawijining barang kang cilik, banjur ditegesi minangka crita cerkak kang awujud prosa. Bareng karo lumakune jaman, pangrembakane novel saya maju, mligine ing jagad kasusatran Jawa. Ing jaman saiki ora mung sethithik crita kang awujud crita sambung kang digubah dadi crita novel. Novel mujudake sastra kotemporer utawa sastra modern kang nuwuha kecadayan-kedadeyan aktual sing dumadi ing padinan. Crita-crita kasebut rumaket banget karo kahanan masyarakat utawa bebrayan kotemporer (Ratna, 2007:274). Amarga crita sajrone novel ora uwal saka tangan lan pamikire pangripta mula konflik-konflik lan kecadayan kang dialami dening paraga-paraga sajrone crita kasebut minangka ekspresi dhiri kang dituduhake dening pangripta. Sakabehe tumindak kang dilakoni dening manungsa siji lan liyane mesthi nuwuha kecadayan. Wis akeh novel sing pangriptane nuwuha kekonflik lan kecadayan kang dialami dening paraga-paraga sajrone novel, uga ngrembaka ing jaman saiki salah sawijine yaiku salah sijine yaiku novel kanthi irah-irahan *kori wus tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S.

Novel kanthi irah-irahan *kori wus tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S iki kapilih dadi objek sajrone panliten iki, amarga novel iki nduweni bab sing onjo ing perangan psikologis, mligine ing paraga utamane. Karya kang wis ditulis dening Sri Haryanti wis akeh, ing antarane yaiku karya sastra arupa cerkak, geguritan lan saliyan-liyane kang kapacak ing kalawarti basa Jawa. Saliyané novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* kang bakal ditliti, uga ana karya liyane kang wis digawe buku ing antarane yaiku antologi cerkak “*Urip*”, Antologi Geguritan “*Gurit Mustika Buwana*”, Kumpulan Crita Rakyat Jawa. Ing taun 2017 Sri Haryanti kasil dadi pemenang ing sayembara nyerat

novel Jawa sing diadani dening Dinas Kebudayaan DIY. Salah sawijining karya sastrane Sri Haryanti iki arupa novel kanthi irah-irahan *kori wus tinarbuka*.

Novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti iki yaiku novel kang berlatar crita ing kutha Ngayogyakarta Jawa Tengah. Novel iki nyeritakake dalam panguripane kenya ayu sing jenenge Kanaya. Ing novel iki pangripta nggambareke lelakone paraga utama sing mandhiri nalika ngadhepi perkara sajrone panguripane tumuju panguripane sing luwih becik lan laras karo pepingine. Pepinginan kanggo nggayuh panguripan sing becik lan laras mau mujudake sawijining cara kanggo tumuju marang *aktualisasi* dhiri. *Aktualisasi* dhiri minangka kabutuhan manungsa sing paling dhuwur sajrone teori Maslow. Kabutuhan iki bakal tuwuhanalika kabutuhan-kabutuhan sing ana ing saingisore wis kaleksanan kanthi becik. Maslow menehi tetenger yen kabutuhan *aktualisasi* dhiri minangka pepinginane kanggo nyampurnakake dhiri lumantar kabisan sing dadi darbeke (Koswara, 1991:125).

Kadeleng saka andharan kasebut, mula banjur dipilih irah-irahan kanggo panliten iki yaiku *Aktualisasi dhiri paraga utama sajrone novel Kori Wus Tinarbuka anggitane Sri Haryanti*. Irah-irahan iki dipilih amarga novel *Kori Wus Tinarbuka* iki menehi gegambaran ngenani paraga utama sing nduweni pepinginan kanggo nggayuh panguripan sing becik lan laras. Pepinginan kasebut mujudake salah sawijining cara kanggo tumuju marang *aktualisasi* dhiri. Paraga utama nindakake *aktualisasi* dhiri diwiwit saka dheweke bisa dadi wong kasil anggone nggayuh panguripan sing sukses. Sadurunge paraga utama bisa nggayuh kasuksesan akeh perkara kang dialami sajrone bebrayan. Perkara-perkara kasebut kang bisa gawe paraga utama nggayuh *aktualisasi* dhiri.

Kahanan kang dialami nalika kasil nindakake *aktualisasi* dhiri, cundhuk karo wujud *aktualisasi* dhiri kang dilakoni dening paraga utama. Paraga Kanaya ndeweni gegambaran sipat lan watak kang cundhuk karo anane proses *aktualisasi* dhiri. Maneka werna alangan lan perkara dirampungi kanthi sabar lan mandhiri. Paraga Kanaya nduweni jiwa kang kuwat, saengga bisa nggayuh bab kang dikarepake. Kanggo ngeonceki karya sastra arupa novel iki panliti bakal nggunakake tinthingan psikologi sastra mligine Psikologi Humanistik Abraham Maslow. Maslow uga ngandharake para pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri nduweni *motivasi*. Tanpa *motivasi* pawongan kasebut ora bakal nindakake apa kang pengin digayuh.

Pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri nduweni titikan.

Underan Panliten

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur bisa dirumusake anane underan panliten kaya ing ngisor iki :

- 1) Kepriye wujud *aktualisasi* dhiri paraga utama ing babagan nggayuh pakaryan sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti?
- 2) Apa kang njurung *aktualisasi* dhiri paraga utama sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti?
- 3) Kepriye pepalang kang diadepi paraga utama nalika mujudake *aktualisasi* dhiri sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur bisa dirumusake anane tujuwan panliten kaya ing ngisor iki :

- 1) Mangerten i wujud *aktualisasi* dhiri paraga utama ing babagan nggayuh pakaryan sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka*
- 2) Mangerten babagan kong njurung *aktualisasi* dhiri paraga utama sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka*
- 3) Mangerten pepalang kang diadepi paraga utama nalika mujudake *aktualisasi* dhiri sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti.

Paedah Panliten

Paedah kong bisa didudut saka anane panliten iki kaya kong kaandharake ing ngisor iki :

- 1) Tumrap sastra Jawa, panliten iki diajab supaya bisa nyengkuyung pangembakaning sastra Jawa modern, mligine kritik sastra kong nggunakake tintinan psikologi humanistik Abraham Maslow. Panliten iki uga bisa nambahi kawruh konggo ngapresiasi sastra Jawa modern.
- 2) Tumrap piwulangan sastra, diajab supaya bisa nambahi bahan piwulangan ngenani kasustran Jawa.
- 3) Tumrap pamaos, diajab panliten iki supaya bisa nabahi kawruh lan pamawas pamaos ngenani sastra, mligine bab teori psikologi humanistik Abraham Maslow.

Wewatesane Panliten

Anane wewatesan tembung iki supaya panliten ora ngambla-ara. Wewatesan tembung kaya ing ngisor iki:

- 1) Psikologi

Yaiku ilmu kong nliti proses mental lan jiwa kong ana gegayutane karo prilakune manungsa.

- 2) Psikologi sastra
Interdisiplin antarane psikologi lan sastra. psikologi sastra yaiku salah sijine wujud interpretasi karya sastra kanthi nggunakake pendekatan psikologi. Tuladhane panguripane tokoh kong nggambareke kajiwane.
- 3) Psikologi Kapribaden Humanistik Abraham Maslow
Psikologi humanistik yaiku sawijine perangan ilmu kong nggambareke manungsa minangka makhluk kong bebas. Babagan kasebut tegese kanggo medharake sekabehe potensi kong diduwensi (Koswara,1989:109).
- 4) *Aktualisasi* dhiri
Aktualisasi dhiri minangka salah sawijining gegambaran kabutuhane manungsa kong paling dhuwur miturut teori psikologi humanistik Abraham Maslow ngenani hirarki kabutuhan (Koswara,1991: 125).
- 5) Novel *Kori Wus Tinarbuka*
Novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* iki yaiku novel anggitane Sri Haryanti, S.S. Novel *Kori Wus Tinarbuka* yaiku Karya sastra kong diserat nggunakake basa Jawa. Diterbitake dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta, ing wulan November 2017 kong minangka cetakan kapisan kanthi nduweni 14x21 cm, 200 kaca.

Tintinan Kapustakan

Panliten Saemper

Panliten kong saemper dikarepake bisa menehi gambaran konggo mbandhingake saka anane panliten iki. Panliten sastra kanthi tintinan psikologi Humanistik Abraham Maslow wis kerep ditindaakake mligine kong ngrembuk *aktualisasi* dhiri, antarane yaiku :

- 1) Kaping pisan yaiku paliten saka Mahasiswa Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Jawa Universitas Negeri Surabaya yaiku Wahyu Ning Widayadari (2013) kanthi irah-irahan "*Aktualisasi Dhiri Paraga Utama Sajrone Novel Nglari Woting Ati Anggitane Fitri Gunawan*". Panliten iki ngenani kapribaden paraga utama lan aspek psikologis paraga utama yaiku Dini sajrone novel kanthi irah-irahan *Nglari Woting Ati Anggitane Fitri Gunawan*. Paraga Dini gambarake wanita kong pinter lan bisa nggayuh kawruh nerusake pendhidhikan ing manca. Dini uga ndoleki panguripan kong luwih becik saka sadurunge, nanging dheweke uga nduweni tanggung jawab lan

kuwajiban minangka ibu sajrone kulawarga. Paraga Dini nduweni kekarepan kanggo nggayoh lan nerusake pendhidhikan ing manca kang minangka wewujudan kanggo ningkatake kemampuan sing diduweni. Babagan kasebut dilakoni paraga Dini kanggo nggayuh panguripan sing luwih becik maneh.

- 2) Kang kapindo yaiku panliten saka Mahasiswa Jurusan Bahasa Dan Sastra Indonesia Universitas Negeri Yogyakarta yaiku Kartika Nurul Nugrahini (2014) kanthi irah-irahan "*Kepribadian dan Aktualisasi diri Tokoh Utama dalam Novel Supernova Episode Partikel Karya Dewi Lestari*". Panliten iki ngenani kapribaden kang onjo saka paraga utama yaiku Zarah sajrone novel *Novel Supernova Episode Partikel Karya Dewi Lestari* ing antarane yaiku cerdas, pemberontak, lan keras kepala. Konflik sing paling utama yaiku pelarian Zarah saka kekangan budaya ing masyarakat amarga ana bedha ideologi. Dene *aktualisasi* dhirine paraga utama yaiku ana loro tujuwan ing antarane kepinginan kanggo nemokake Firas (bapane) demi ndoleki kasunyatan asal mulane panguripane ing jagad gumelar lan kepinginane dadi photografer profesional. Nganti ing pungkasaning crita, Zarah durung kasil meruhi kasunyatane ilmu lan asal mula panguripane ing donya.

3) Kaping telu yaiku panliten saka mahasiswa jurusan pendhidhikan Basa lan Sastra Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Surabaya yaiku Pramudya Nur Hayati (2017) kanthi irah-irahan *Aktualisasi Dhiri Paraga Utama Sajrone Novel Nona Sekertaris Anggitane Suparto Brata (Tintingan Psikologi Sastra Abraham Maslow)*. Novel iki kapilih amarga nduweni bab-bab kang onjo mligine ngenani *aktualisasi* dhiri llumantar paraga utamane. Novel *Nona Sekretaris* iki pangripta nggambarkerake lelakone paraga utama kanthi sakabehe upaya kanggo bisa agawe uripe dadi saya becik lan laras karo pepinginane. Pepinginan kanggo nggayuh panguripan sing becik lan laras mujudake sawijine cara tumuju marang *aktualisasi* dhiri.

Telu panliten ing ndhuwur padha nintingi nggunakake teori Psikologi Humanistik Abraham Maslow lan njupuk topik ngenani *aktualisasi* dhiri. Denen prakara kang mbedakake yaiku saka objek kang digunakake. Adhedhasar saka panliten sadurunge, tuwuhan kawigaten panlitene kanggo nliti salah sawijining reperiptan karya sastra kang arupan novel kanthi irah-

irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti. Panliten iki nggunakake panliten kang saemper karo panliten-panliten sadurunge yaiku nggunakake teori humanistik Abraham Maslow. Pamedane karo panliten-panliten sadurunge yaiku objek kang digunakake sajrone panliten iki kang wis diandharake sadurunge, yaiku wujud *aktualisasi* dhiri paraga kang ana sajrone novel kasebut, perkara utawa babagan kang dadi pepalang nalika mujudake *aktualisasi* dhiri paraga, sarta babagan kang njurung paraga nalika mujudake *aktualisasi* dhiri paraga utama.

Psikologi Sastra

Psikologi lan sastra nduweni sesambungan, kayata kang dijilentrehake ing nduwur, yen tandha-tandha kang ana sajrone dhiri pawongan utawa manungsa kaya ekspresi, tingkah laku, mimik. Lan basa tubuh manungsa, kabeh kuwi kalebu sajrone ruang lingkup saka panulis sajrone ngeripta tokoh kang bakal digambarake sajrone karya sastra. tokoh lan penokohan sajrone karya sastra, nuduhake sipat-sipat kang diduweni individu sajrone jagad kang nyata. Mula gegayutané antarane psikologi lan sastra nduweni gegayutané kang cukup erat. Sajrone bukune, Endraswara luwih ngandharake ngenani sesambungan antara psikologi lan sastra. miturute psikologi sastra yaiku kajian sastra kang ndeleng karya minangka aktivitas kajiwana. Pangripta bakal nggunakake cipta, rasa, lan karya sajrone ngeripta, kayadene pamaca, sajrone nanggepi karya uga ora bisa uwah saka kajiwane dhewe-dhewe. Psikologi sastra uga ngenal karya sastra minangka pantulan kajiwana. (*Endraswara,2011:96*).

Psikologi Kapribaden Humanistik

Teori humanistik yaiku minangka teori kang nentang anane teori-teori psikoanalisis lan behavioristik. Teori saka Freud dikritik amarga amarga teori kasebut mung diawas saka tindak tanduk manungsa kang ditemokake dening motif kang asipat *primitif* lan *animalistic* (kewan). Dene Behaviorisme dikritik amarga teori kasebut mesthi nganggo objek kewan anggone panlitene lan nganalisis kapribaden kanthi cara pragmentasi. Rong teori kasebut dikritik amarga manungsa manungsa katon ora nduweni daya sebab dipangribawani saka lingkungan, kemampuan kanggo ngarahake dhiri mung sethithik. (*Syamsul,2007:141*).

Psikologi Humanistik Abraham Maslow

Psikologi humanistik Maslow dikenal dening saperangan ahli psikologi wiwit taun 1960. Para ahli kasebut kang dipimpin dening Maslow sajrone ndoleki alternatif saka rong teori kang nduweni pengaruh

marang pamikiran intelektual. Rong teori kang dimaksud yaiku psikologi psikoanalisis lan psikologi behaviorisme. Psikologi humanistik sejatine dudu organisasi tunggal saka teori utawa sistem, nanging luwih sinebut minangka gerakan. Senadyan tokoh-tokoh sajrone gerakan iki nduweni pandhangan kang bedha-bedha, nanging tetep mungguh ing konsepsi fundamental sing padha ngenani manungsa saka salah sawijine siji aliran filsafat modern, yaiku *eksistensialisme*. (Ahmadi,2015:72-73)

Miturut Maslow (sajrone Feist,2010:343-344) pawongan kang ngaktualisasi dhiri kanthi antuk *motivasi* saka “prinsip urip abadhi” (*eternal verities*). Prinsip kasebut biasane sinebut nilai-nilai B kang ateges ‘*Being*’ sing tegese panguripan kang dadi pangukur kasarasan saka psikologi. Sawalike yen kabutuhan kakurangan (*deficiency needs*), kang ndadekake pawongan ora bisa nindakake *aktualisasi* dhiri. Maslow ngarani nilai B iki kanthi sebutan ‘metakabutuhan’(*metaneeds*). Nilai kasebut dienggo kanggo nuduhake yen nilai-nilai kasebut minangka tingkatan kang sing paling dhuwur saka sakabehing kabutuhane manungsa. Maslow mbedakake *motivasi* kang adhedhasar kabutuhan kang biyasa karo *motivasi* saka pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri yaiku sing biasa diarani *metamotivasi*.

Miturut Maslow (sajrone Feist, 2010:344-345) nilai-nilai B kasebut yaiku ana 14, cacahe sing pasti ora patii wigati amarga sakabehe nilai kasebut mestine wis nyawiji, lan sesambungan antarane nilai siji lan nilai sijine. Nilai-nilai kang ana sajrone pawogan sing nindakake *aktualisasi* dhiri kasebut ing antarane yaiku (1) Kajujuran, (2) Kabecikan, (3) Kaendahan, (4) Nyawiji, (5) Spontanitas, (6) Unik, (7) Kasampurnan, (8) Kajangkepan, (9) keadilan, (10) Sederhana, (11) Totalitas, (12) Mbuutuhake usaha sing ora akeh utawa entheng, (13) Humoris utawa seneng guyon, lan (14) Mandhiri. Nilai-nilai kasebut kang dadi pambeda antarane pawongan kang nindakake *aktualisasi* Dhiri lan pawongan sing mung bisa njangkepi kabutuhan-kabutuhan sadurunge.

Para pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri nduweni *motivasi* kayadene kang wis diandharake sadurunge. Tanpa *motivasi* pawongan kasebut ora bakal nindakake apa kang pengin digayuh. Pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri nduweni titikan. Miturut Maslow titikane manungsa kang nindakake *aktualisasi* dhiri nduweni wujud ing antarane yaiku: (1) Mawas kasunyatan kanthi *efisen*, (2) Nriman, (3) *Spontan*, prasaja, lan wajar, (4) Munjere Perkara, (5) Kabutuhan

Privasi (bisa misahake dhiri), (6) Mandhiri saka kabutuhan lan lingkungan, (7) Seneng *apresiasi*, (8) Ngalami pengalaman kang mistis, (9) nduweni kawigaten sosial, (10) Ndeweni sesambungan antarpribadhi, (11) Asipat *demokratis*, (12) Bisa mbedakake antarane cara lan tujuwan, (13) Gawe guyunan kanthi wicaksana, (14) *Kreatif* lan, (15) Nulak tumrap *enkulturasasi*.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten ngenani analisis novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti iki mujudake panliten kualitatif. Panliten iki uga nggunakake Metode kualitatif. Metode iki manfaatake caraning penafsiran kanthi nyajikake sajrone dhesripsi. Panliten kualitatif iki yaiku prosedur panliten kang ngasilake dhata deskriptif arupa tembung-tembung sing tertulis utawa lisan saka wong-wong lan prilaku sing diamati. Panliten kualitatif minangka metodhe panliten kang digunakake jalaran perkara kang ana gegayutan karo manungsa kuwi gumantung marang pengamatan.

Panliten iki nggunakake tintingan psikologi sastra, persise nggunakake tintingan psikologi humanistik Abraham Maslow. Psikologi sastra yaiku kajian sastra kang ndeleng karya minangka aktivitas kajiwani. Pangripta bakal nggunakake cipta, rasa, lan karya sajrone ngeripta, kayadene pamaca, sajrone nanggepi karya uga ora bisa uwal saka kajiwane dhewe-dhewe. Psikologi sastra uga ngenal karya sastra minangka pantulan kajiwani. (Endraswara,2011:96)

Andharan sajrone panliten yaiku awujud dhesripsi, ateges panliten iki bakal nggamarake lan nganalisis objek kang dititi. Dene metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif analisis jalaran metodhe kasebut digunakake kanggo nggamarake lan nganalisis objek panliten kanthi gamblang kang didhasari kasunyatan lumantar basa kanggo mangsuli prakara kang ana sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti.

Sumber Dhata

Sumber dhata panliten mujudake bahan kang bakal dititi sajrone panliten. Panliten iki kalebu panliten sastra saengga sumber dhatae uga arupa karya sastra. sumber dhata ana loro perangan, yaiku sumper dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer kang digunakake ing panliten iki yaiku novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti. Karya sastra kang diserat nggunakake basa Jawa. Diterbitake dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa

Yogyakarta, ing wulan November 2017 kang minangka cetakan kapisan kanthi nduweni 14x21 cm, 200 kaca. Dene sumber dhata sekunder yaiku sumber kanag awujud buku-buku minangka panyengkuyung sajrone panliten iki. Sumber dhata sekunder iki ora mung arupa buku, nanging uga bisa awujud asil panliten kang wis kaleksanan, internet, jurnal. Artikel, lan sapanunggale kang ana gayutane karo perkara sing diteliti.

Dhata

Dhata panliten yaiku minangka piranti kang digunakake kanggo ngumpulake dhata. Dhata panliten diolehi saka sumber dhata. Sajrone panliten iki kang dadi sumber dhata yaiku novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti. Saka sumber dhata kasebut bisa nuwuhae dhata kang awujud tembung-tembung kang gayut karo masalah kang ditliti ing antarane yaiku wujud *aktualisasi* diri paraga utawa, bab kang njurung *aktualisasi* dhiri paraga, lan pepalang kang diadepi paraga utama nalika nggayuh *aktualisasi* dhiri kang ana sajrone novel kasebut.

Instrumen Panliten

Sajrone panliten iki kang dadi instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, jalaran panliti mujudake instrumen kang utama utawa minangka subyek kang bakal njlentrehake asil panliten kanthi nggoleki lan nganalisis dhata sajrone novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti. Panliti uga mbuthuhake piranti kanggo nggolek lan nganalisis dhata yaiku buku tulis lan pulpen.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata panliten kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik pustaka utawa dhokumen. Teknik pustaka utawa dhokumen yaiku teknik panliten kang nggunakake sumber-sumber pustaka minangka acuan sajrone panliten kang ditrepake nalika nggolek lan ngumpulake sekabehane dhokumentasi utawa dhata-dhata kang ana sajrone karya sastra modern novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti. Dene tata carane ngumpulake dhata kayata kang dijlentrehake lan diandharake ing ngisor iki, antarane:

- 1) Maca bola-bali novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti saka wiwitan nganti pungkasan supaya bisa ngertenan ngenani kedadeyan utawa prakara apa kang diandharake dening pangripta sajrone novel Jawa kasebut.

- 2) Ngewenehi tandha marang tembung-tembung utawa ukara kang nuduhake prakara kang bakal ditliti.
- 3) Nggolongake dhata kang wis dikumpulake adhedhasar underan lan tujuwane panliten. Ing tahap iki nduweni tujuwan kanggo njupuk dhata kang dibutuhake yaiku ngenani *aktialisasi* dhiri paraga utama sajrone novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti.

Tata Caca Njlentrehake Dhata

Tata cara njlentrehake dhata panliten iki ditindakake sawise ngumpulake dhata kang selaras karo underan lan tujuwane panliten. Sawise dhata ngumpul banjur dianalisis kanthi cara ing ngisor iki:

- 1) Maca lan ngertenan dhata kang wis dikumpulake ing novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti
- 2) Ngewenehi tandha marang dhata ngenani perkara utawa masalah kang bakal ditliti sajrone novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti.
- 3) Nganalisis dhata kang wis dikumpulake kanthi rinci lan gamblang ngenani *aktialisasi* dhiri paraga utama sajrone novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti.
- 4) Nggawe dudutan kang gegayutan karo perkara paraga utama lan wujud *aktualisasi* dhiri paraga utama sajrone novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti.

Tata Cara Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata

Asil jlentrehan dhata disuguhake kanthi wangun teks lan asipat dheskripsi. Carake nyuguhake asil jlentrehan dhata samangko kabeber lumantar interpretasi panliti marang novel Jawa kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S. Interpretasi sing ditindakake panliti awujud makna kang ngandhut kritik tumrap kedadeyan-kedadeyan sing ana sajrone novel lan kajiwana paraga sajrone novel.

Cara nyuguhake asil panjlentrehake dhata nuduhake upaya kanggo nyuguhake asil jlentrehan dhata kang awujud laporan ilmiah kang diasilake sajrone panliten. Cara nyuguhake panjlentrehan dhata digunakake kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:144). Sajorne panliten iki, tata cara anggone nyuguhake asil panliten disuguhake kanthi cara informal. Nyuguhake dhata formal kanthi cara nggunakake tandha-tandha lan lambang-lambang. Dene cara informal kanthi nyuguhake asil dhata kang wis

dijlentrehake kanthi cara deskriptif kang nggunakake tembung-tembung kang lumrah (Sudaryanto, 1998:145).

Tata carane nyuguhake andharan lan njlentrehake dhata-dhata informal kayata ing ngisor iki:

BAB I : Ngandharake lelandhesan panliten, undheran panliten, tujuwan panliten, paedah panliten lan wewatesan panliten.

BAB II : Ngandharake panliten saemper, konsep-konsep panliten lan lelandhesan teori

BAB III : Ngandharake ancangan panliten, ubarampene panliten lan tata carane panliten

BAB IV : Ngandharake andharan, jlentrehan dhata asil panliten, lan dhiskusi asiling panliten.

BAB V: Ngandharake dudutan lan pamrayoga.

ANDHARAN

Ing babagan iki bakal ngandharake ngenani analisis dhata saka panliten, ngenani bab kang sesambungan karo *aktualisasi dhiri* mligine ngenani wujud *aktualisasi* ing babagan nggayuh Pakaryan, babagan kang njurung *aktualisasi dhiri* lan pepalang kang diadhepi nalika mujudake *aktualisasi dhiri* dening paraga utama sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti iki. Luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki

Wujud Aktualisasi dhiri paraga utama ing babagan nggayuh Pakaryan sajrone novel kanthi irah-irahan Kori Wus Tinarbuka anggitane Sri Haryanti.

Kabutuhan *aktualisasi dhiri* minangka wujud kabutuhane manungsa kang paling dhuwur tinimbang kabutuhan liyane kang diandharake dening Abraham Maslow. Saliyane iku *aktualisasi dhiri* minangka wujud relasi sakabehe kabisan lan pepenginan kanggo mujudake proses *kreatif pribadi* satuhune. Tegese pawongan kang wis bisa nindakake *aktualisasi dhiri* iku mujudake manungsa sing wus sempurna. Manungsa kasebut wis bisa nyukupi kabutuhane wiwit kabutuhan sing paling dhasar yaiku kabutuhan fisiologis nganti kabutuhan sing paling dhuwur ora liya yaiku kabutuhan *aktualisasi dhiri*.

Sesambungan karo adharan kang wis dicethakake ing ndhuwur, novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti iki bisa ditintingi wujud *aktualisasi dhiri* kang ditindakake dening paraga utama ing babagan nggayuh Pakaryan. Kanggo ninthingi wujud *aktualisasi* paraga utama sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* iki dicundhukake klawan 15 titikan kang diandharake dening Abraham Maslow (sajrone

Koswara, 1991:138-147). Sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti iki ditemokake lima titikan saka limalas titikan kang wis diandharake dening Abraham Maslow. Supaya luwih cetha bakal diandharake ing ngisor iki.

Nriman

Nriman minangsa salah sijine titikan wong kang nindakake *aktualisasi dhiri* miturute Maslow. Tegese nriman ing kene yaiku wong sing nindakake *aktualisasi dhiri* bisa nrima marang awake dhewe, wong liya, lan nasib. Wong kang nindakake *aktualisasi* tansah kurmat marang awake dhewe, wong liya, lan bisa nrima marang nasib kaluwihan utawa kakurangan kang diduwени kanthi pangrasa kang becik lan tawakal. Wong sing nindakake *aktualisasi dhiri*, dheweke bisa nrima kahanan panguripane sing dilakoni kanthi pangrasa kang becik. Nasib sing dimaksud kuwi kayata proses biologis manungsa kayata mangan, ngombe, lan turu sacukupe kanthi lega. Bab-bab kasebut bisa ditamba minangka perangan saka nasib.

Pawongan kang nindakake *aktualisasi dhiri* iku bisa nrima sakabehe nasib lan kahanane awake dhewe lan wong liya. Saka kahanane panguripane Kanaya wis ora ana sing ngragadi dheweke, gelem ora gelem kudu nampa kahanane kasebut. Kulawargane Budhe marni sing nggulawethah Kanaya kayata anake dhewe. Kanaya bocah sing pinter, sawise lulus sekolah dasar kanthi nilai sing apik lan bisa sekolah ing sekolah Negeri. Kanaya nampa lan nrima mlebu sekolah Negeri anarga bayare luwih murah supaya uga bisa ora nyusahke kulawarga budhe Marni. Gegambaran kasebut bisa kadeleng saka cuplikan sing ana ing ngisor iki :

“gelem ta kowe, Ndhuk sasekolahan karo Mbak Tuti? Kana ya sekolah negeri dadi ora larang anggone bayar. Paling mung kanggo tuku sragam wae. Yen mangkat kowe bisa bareng Mbak Tuti,” ngendhikane Budhe Marni. “ Inggih, Budhe, kula mut kemawon,” wangslane Kanaya sinambi masang benik ing sragam jaitane Budhe marni. (Sri Haryanti,2017:50)

Cuplikan ing nduwur nuduhake yen Kanaya Nrima marang Nasibe. Kanaya manut marang apa sing omong dening Budhe Marni. Kanaya pancer kagolong bocah sing sregep lan pinter. Saka cuplikan ing nduwur kadeleng Budhe Marni nawani marang Kanaya gelem orane sekolah ing sekolah negeri. Cuplikan kasebut nggamarake paraga Kanaya nyaguhi apa sing ditakone dening Budhe Marni. Amarga amung bisa pasrah lan nrima marang kahanane uripe saiki dhewe wis ora

nduwe wong tuwa, mung Budhe Marni sing saiki nggulawenthah dheweke. Mula paraga Kanaya nyaguhu sekolah sing dipilihna dening Budhe Marni demi kabecikane Kanaya. Babagan kasebut nuduhake paraga Kanaya kang nrima marang nasib lan kahanan uripe.

Mandhiri

Manungsa diciptakake minangka makhluk kang diciptakake ora bisa uwal saka manungsa liyane, antar manungsa padha nduweni sesambungan antar siji lan liyane. Sipat manungsa lan kapribadenen bisa diwujudake dening salah sawijining aspek yaiku lingkungan sakupenge. Lingkungan kasebut ana maneka kedadeyan lan kahanan kang dumadi saben dinane. Ana kahanan kang sipate nyenengake, nyusahake, nentremake lan ora nentremake. Kahanan-kahanan kasebut bisa diadhepi dening wong kang nindakake *aktualisasi* dhiri. Pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri iku bisa tansah tenang marang kahanan kang ora dinyana, mula wong kang nindakake *aktualisasi* dhiri ora gumantung marang wong liya. Pawongan kasebut percaya marang kemampuan dhiri kang dadi darbeke kanggo panguripane.

Panulis nggamarake paraga Kanaya bocah sing mandhiri lan percaya marang kemampuan awake. Wong kang nindakake *aktualisasi* dhiri nduweni titikan sing kalima yaiku mandhiri kaya dene sing diandharake dening Maslow. Mandhiri ing kene yaiku wong sing mandhiri saka lingkungan lan kabutuhane. Biasane wong sing kaya mangkono iku percaya parang potensi-potensi sing diduweni utawa kemampuan saka awake dhewe. Kaya dene paraga utama Kanaya kang nduweni sipat mandiri saka kabutukane. Nalika dheweke arep budhal sekolah diwenehi dening Budhe Marni dhuwit kanggo sangu sekolah, nanging Kanaya nolak amarga dheweke isih nduwe simpenan saka Bu Yati. Dhuwit peninggalan saka Bu Yati digunakake kanthi becik kanggo kabutuhane Kanaya. Gegambaran kasebut bisa dideleng saka cuplikan iki:

“Pareng nggih, Pakdhe, Budhe. Kanaya nyuwun pamit.” Kanaya uga pamitan marang Pak Edi lan Budhe. “Iya, Ndhuk, sinau sing sregep ya, Ndhuk! Iki sangune.” Budhe Marni nggulung dhuwit kanggo sangu Kanaya. “mboten sah Budhe. Kula taksih gadhah arta kok Budhe.” Kanaya ora gelem nampa pawewehe Budhe Marni. “Ya wis sing ngati-atи ya, Ndhuk!” “Inggih,Budhe.” (Sri Haryanti, 2017:43)

Cuplikan ing nduwur nuduhake gegambaran paraga Kanaya kang Mandhiri saka kabutuhane. Kadeleng Kanaya ora gelem nampa pawewehe Budhe

Marni, amarga dheweke isih nduwe simpenan dhuwit kanggo kabutuhane sekolah. Diceritakake Sadurunge Bu Yati seda, Bu Yati ninggalake dhuwit lan emas kanggo mbiyayahi kabutuhane Kanaya. Kanaya nggunakake dhuwit kasebut kanggo sangune sekolah. Paraga Kanaya ing cuplikan kasebut kadeleng isih bisa mandhiri lan ora nggantungake wong liya ananging dheweke mangan lan urip isih numpang dening kulawargane Budhe Marni. Kahanan saka kulawargane Budhe Marni uga dudu kulawarga sing sugih. Mula Kanaya nggawe dhuwite dhewe kanggo njangkepi kabutuhane. Babagan kasebut nuduhake yen Kanaya nduweni sipat mandhiri marang kabutuhane dhewe. Bab kasebut minangka salah sawijine titikan pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri.

Prasaja

Miturut Maslow, pawongan kang ngaktualisasi dhiri bisa nglakoni tumindak kanthi prasaja. Babagan kasebut wis diandharake Maslow dene prasaja minangka salah sijine titikan pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri. Prasaja bisa ditegesi tumindak kang ditindakake kanthi sederhana, tumindak kang ditindakake ora diluwih-luwihake utawa tumindak sewajare. Mula pawongan kang ngaktualisasi dhiri bisa tumindak kaya mangkono. Kaya dene paraga utama Kanaya sing tumindak prasaja nalika proses *aktualisasi* dhiri sing ana sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka*. Paraga utama Kanaya nuduhake tumindak prasaja ing panguripane. Panguripane Paraga Kanaya lan kulawargane Budhe Marni kang wis dianggep klawargane dhewe kadeleng prasaja banget. Nalika Kanaya mulih sekolah diutus maem karo Budhe Marni, kadeleng saka pacelatone apa kang wis dimasaka dening Budhe Marni kasebut wis nuduhake uripe Kanaya sing prasaja. Babagan kasebut bisa kadeleng saka cuplikan ing ngisor iki :

“Adhimu wis kawit mau anggone bali. Kae lagi lungguh karo ndelok TV. Manawa wis rampung anggone ganti, adhine dijak maem sisan. Ibu bubar mangsak sop, tempe garit lan sambel. Kowe sekalian ya, Nay!” “Inggih, Budhe,” wangslane Kanaya. Bocah telu banjur padha maem bebarengan. Senadyan amung prasaja nanging krasa enak. Sawise maem lan asah-asah piring lan gelas sing kanggo piranti mangan kan ngombe mau, Kanya banjur pamitan marang Budhe Marni arep ngaso turu awan dhisik. Awake krasa kesel. Dina sepisanan ing sekolah kang anyar pancek nguras pikiran sarta ragane Kanaya satemah krasa lungkrah. (Sri Haryanti,2017:60).

Cuplikan ing nduwur kasebut mujudake cecaturan antarane paraga Kanaya lan paraga Budhe Marni. Cecaturan kasebut ana ing njero omah nalika paraga Kanaya lagi mulih sekolah, kang ngomongake ngeni paraga Budhe Marni sing ngutus Kanaya , Mbak Tuti anake Budhe Marni lan adhike yen rampung ganti klambi dutus maem masakane Budhe Marni sing prasaja. Saka masakan wis kadeleng yen panguripane paraga Kanaya prasaja. Saliyane iku kadeleng saka cuplikan ing nduwur sawise paraga Kanaya maem dheweke uga asah-asah piranti mangane dhewe babagan kasebut uga nuduhake prasajane paraga Kanaya. Pangripta sajrone cuplikan ing nduwur uga ngandarake tumindake paraga utama sing prasaja banget sajrone panguripane. Babagan kasebut kang cundhuk karo titikan pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri.

Bisa Misahake Dhiri (Kabutuhan Privasi)

Manungsa kang nindakake *aktualisasi* dhiri miturut Maslow (sajrone Shultz,1991:366) mbuthuhake *privasi* lan independensi kanggo nemtokake tumindak kang arep dilakoni. Gegayutan karo bab iki anggepan dhiri ora gumantung marang anane wong liya nduweni kesan sompong. Nanging, ora ateges ndeweke sengaja ngindari wong liya. Nanging dheweke pance ngrasa yen ora nduweni kabutuhan kang kuwat marang wong liya. Indenpendensi kasebut bisa katon saka tanggung jawab kang tuwuhan saka kaputusan sing dipilih. Anggepan sing kaya mangkono, amarga pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri kanthi titikan sing kapapat iki yaiku kabutuhan *privasi* iki pance percaya banget marang potensi otonomi kang dadi darbeke.

Miturut Maslow, pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri iki nduweni daya konsentrasi sing luwih kuwat tinimbang pawongan liyane. Babagan kasebut ngasilake pikiran-pikiran kang lalen, mula banjur diarani sompong lan ngati-ati nalika ngendika lan nindakake samubrang. Wong kang nindakake *aktualisasi* dhiri senadyan kaya mangkono isih nduweni sipat sing sumeh kang becik. Kayadene anggone paraga Kanaya nindakake *privasine* kagambar nalika dheweke takon parang pak Muji yaiku tukang kebun ing sekolahe. Dheweke takon ngenani babagan warta ing desane pak Muji ngenani bayi sing dibucal. Dheweke ngerasa sing dicritakake dening Pak Muji kuwi ana sesambungan karo crita uripe Kanaya sing dibucal dening ibu sing nglairane dheweke. Babagan kasebut kagambarake sajrone cuplikan ing ngisor iki:

Kanaya amung bisa meneng, sajrone batin dheweke yakin manawa bayi sing dicritakake dening Pak Muji mau dheweke, ananging dheweke tetep kudu golek pituduh utawa mbawé sisik melik sing satenane. “Lha kowe

kabeh kok takok bab kuwi ana apa ta, Nok?” “namung kange tuas sekolah kok, Pak. Menawi mekaten matur nuwun inggil Pak. Sampun ngresahi wekdalipun Pak Muji.” “ya ora dadi ngapa , Nok.” “paring rumiyin nggil, Pak” bocah loro banjur salaman karo Pak Muji lan pamitan. Ing dalam Kanaya amung meneng wae. Pikirane ngumbara. Mbak Tuti ya amung meneng wae, dheweke bingung arep ngendika apa. (Sri Haryanti,2017:99)

Cuplikan ing nduwur nuduhake cecaturan antarane Pak Muji lan paraga Kanaya. Cecaturan kasebut ana ing sekolahane kang ngandharane ngenana bab warta sing ana ing desane Pak Muji. Penthikan kasebut nuduhake yen paraga Kanaya bisa misahake dhiri, kabutuhan *privasi* uga diperlokake tumrap paraga Kanaya. Dheweke ora bisa mbeberake perkara pribadine nalika ditakoni dening Pak Muji yaiku Tukang resik-resik sekolahane Kanaya sing kapan kae tau guneman lan crita ngenani bab bayi sing dibucal ing desane. Saka pethikan ing nduwur nuduhake yen Pak Muji takon kenapa Kanaya ngenani babagan perkara kasebut. Nanging Kanaya ora mbeberake alasan sing sanyatane yen dheweke penasaran lan ngerasa bayi sing dicritakake dibucal ing desane Pak Muji kasebut ora liya Kanaya. Kanaya ora bisa ngendikaane marang wong liya ngenani perkara pribadine kasebut. saka babagan kasebut kadeleng yen Kanaya kasebut nuduhake bisa misahake dhiri utawa mbuthuhake *privasi* lan nduweni kabutuhan sing *privasi* kang ora bisa critakake marang wong liya sing ora nduweni sing kuwat marang wong liya.

Nduweni Kawigaten Sosial

Manungsa diciptakake ing donya iki ora mungkin bisa urip dhewe. Masiya dheweke nduweni kemampuan kang ora biasa. Dheweke pasti isih mbuthuhake bantuan saka wong liya. Mula, urip ing donya iki kudu nduweni kawigaten marang masyarakat lan lingkungan sakupenge. Bisa mbiyantu sapadha, pedhuli marang liyan, ngregani wong liya lan sapanunggale. Supaya besok pawongan kasebut bisa ngunduh wohing pekerti. Manungsa bakal nruma tumindak kang cundhuk karo apa kango ditindakake marang wong liya kasebut.

Miturut Maslow (sajrone Shultz, 1991:368) kesadaran dhiri marang kemampuan kang nduweni guna ing salah sijine tingkat kang luwih dhuwur kang agawe dheweke manggonake dhirine minangka sedulur kang luwih tuwa. Kayadene wong kang bisa nresnani lan ndukukung dulur kang luwih enom. Wong kang ngaktualisasi ing tingkat iki nresnani anane kamanungsan.

Sipat nduweni kawigaten sosial dituduhake dening paraga utama Kanaya sajrone novel Kori Wus Tinarbuka iki. Kanaya seneng biyantu wong cilik. Nalika dheweke wis sukses ora kakurangan ngenani dhuwit. Gegambaran Kanaya kang nduweni kawigaten sosial kadeleng nalika numpak becak, nanging tukang becak ora ana wangsan dhuwite, Kanaya menehake dhuwite kanthi ora usah wangsan dhuwite. Amarga dheweke bisa ngerasa marem yen ndeleng wong liya seneng. Gegambaran kasebut bisa kadeleng saka cuplikan ing ngisor iki :

Kanaya mudhun saka becak karo nggulungake dhuwit atusan ewu. "Waduh, Mbak mboten wonten konduripun,"kandane tukang becak mau. "Sampun, Pak. Mboten sah dipunwangsanlaken. Kagem Bapak sedaya kemawon" "saestu, Mbak? Matur nuwun sanget, Mbak. Mugi dados amal panjenengan. Lemah-lemah teles, Gusti Allah ingkang paring piwales. Mboten lokak malak kebak." Kanaya mesem krungukandhane tukang becak mau. Atine krasa marem bisa menehi kabungahan marang wong liya. Dhuwit samono kanggone Kanaya ora sepira, nanging kanggone tukang becak mau nduweni aji kang gedhe banget. Tukang becak ninggalake papan mau karo mesem, atine krasa bungah. (Sri Haryanti,2017:14)

Cuplikan kasebut nuduhake yen paraga Kanaya nuduhake sipat nduweni kawigaten sosial. Nalika Kanaya menehi dhuwit satus ewu marang tukang becak sawise numpak becak arep ndoleki parane kulawarga Budhe Marni. Nanging tukang becak ngendhika yen dhuwite ora ana wangsule. Kanaya ngomong yen ora usah diwangsanlo. Kanggo Kanaya nalika wis kerja enak dhuwit samunu ana apa-apane nanging kanggo tukang becak kasebut kuwi nduweni aji kang gedhe. Cuplikan ing nduwur nuduhake Kanaya melu bungah nalika gawe wong liya bungah. Kanaya seneng yen bisa bantu wong liya. Babagan kasebut bisa diawas yen paraga Kanaya nduweni kawigaten sosial marang wong liya. Ora liya wong kang luwih mbutuhake kayadene wong cilik yaiku kaya tukang becak kuwi mau.

Cuplikan-cuplikan kang digambarake ing nduwur kasebut cundhuk klawan teges kang diandharake dening Malow. Yen nduweni kawigaten sosial minangka titikan wong kang nindakake aktualisasi dhiri. Awit paraga utama yaiku Kanaya nduweni kawigaten sosial marang wong liya, masyarakat, lan lingkungan sing sakupenge. Wong kang nduweni sipat kawigaten marang sosial utawa nduweni

sipat kamanungsan marang sasama bakal luwih seneng ngapresiasi samubarang apa wae, utawa gampang bersyukur marang apa wae sing diduweni. Miturut Maslow (sajrone Koswara, 1991:138-146) pawongan kang ngaktualisasi dhiri bakal tetep ngregani pengalaman-pengalaman kang dioleh kanthi rasa seneng. Amarga babagan kasebu minangka wujud rasa syukur marang nikmat sing wis diolehi dening awake dhewe. Kayadene rasa syukur nduweni kanca, kulawarga, wong tuwa lan kasarasan awake.

Kreatif

Manungsa iku minangka makhluk kang diwenehi salah sawijining kaluwihan tinimbang makhluk liyane. Kaluwihan kasebut yaiku akal. Akal bisa ndadekake manungsa nduweni daya pikir kanggo nyiptakake samubarang sing anyar. Anane rasa kanggo nguntapake apa kang dirasa dening atine, lan kang dipikirake dening akal iku bisa ngasilake karya kang diripta dening manungda. Daya kanggo nyiptakake karya dening manungsa mujudake kahanan kang sinebut kreatifitas. Semana uga kang ditindakake pawongan kang ngaktualisasi dhiri iku bisa nduweni pamikiran kanthi kreatif kanggo ngadhepi kedadeyan wektu iku.

Nduweni pamikiran *kreatif* ora mung katujon marang karya utawa karya sastra. nanging pamikiran kang kreatif bisa diawas nalika manungsa bisa ngadhepi lan ngrampungi perkara kang ana kanthi cara kang becik. Salah sawijine wujud *aktualisasi* dhiri kang ditindakake dening paraga utama sajrone novel Kori Wus Tinarbuka iki dituduhake dening paraga Kanaya. Bab kasebut bisa kagambar ing cuplikan ing ngisor iki:

"apike awake dhewe gawe joglo wae. Supaya gampang. Omah joglo kuwi kalebu omah tradhisional Jawa ta?" "Apik panemumu kuwi, Nay. Aku sarujuk." "Menapa aku sing paling gampang ya omah tradhisional Papua." "Kabeh kuwi apik, nanging luwih becik sadurunge awake dhewe mangerteni ada dhaerah liya, awake dhewe ya kudu mangerten adat istiadate dhaerahe dhewe dhisik. Bener ngono ta, Ri?" "iya bener kuwi." . (Sri Haryanti,2017:79)

Nduweni pamikiran kang kreatif dituduhake Kanaya sajrone crita kang digambarake ing cuplikan ing ndhuwur. Babagan kasebut kadeleng yen Kanaya lan kanca-kancane yaiku Sari lan Herjuna kerja klompok minangka tugas sekolah nggawe omah adat. Kanaya menehi pendapat kang apik lan kreatif kanggo nggawe omah Joglo supaya gampang. Paraga Kanaya uga menehi alesan uga kreatif milih omah joglo kanggo bahan tugase. Amarga omah joglo kasebut omah

tradisional Jawa. Gegambaran kasebut kalebu yen paraga Kanaya nduweni pamikiran kang Kratif. Pamongan kang ngaktualisasi dhiri uga nduweni tingkat pamikiran kang kreatif sing dhuwur.

Babagan kang njurung aktualisasi dhiri paraga utama sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* anggitane Sri Haryanti

Pawongan kang nindakake *aktualisasi* dhiri sajrone prosese mestine ana babagan kang bisa nyurung pawongan supaya bisa kasil mujudake babagan kang dikarepake kasebut. Kaya dene ing cerita sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* iki. Pangripta ngandharake crita ngenani proses *aktualisasi* dhirine paraga ing panguripane arupa kedadeyan-kedadeyan sing kudu dialami dening paraga utama, ora liya yaiku paraga Kanaya.

Ana saperangan babagan kang kagolong bisa mbiyantu paraga utama njurung nggayuh bab kang dikarepake yaiku nduweni panguripan sing luwih becik lan laras karo pepingine. Pepinginan kasebut mujudake minangka salah sawijining cara kango tumuju marang *aktualisasi* dhiri. Saliyane pepinginan uga ana babagan kang arupa kedadeyan sing bisa njurung paraga utama nggayuh pepingine kasebut supaya bisa tumuju marang *aktualisasi* dhiri. Babagan kasebut luwih cethane bakal kaandharake ing ngisor iki :

Kelara-lara

Kelara-lara kang dialami dening paraga Kanaya kasebut dadi babagan kang bisa njurung *aktualisasi* dhiri paraga utama. Ing proses *aktualisasi* dhiri paraga Kanaya mestine ngalami kedadeyan-kedadeyan sajrone uripe kang ora gampang. Sajrone novel kanthi irah-irahan *Kori Wus Tinarbuka* iki pangripta nggambarkerake panguripane paraga utama sing ora biasa. Paraga utama wiwit cilik uripe katula-tula, nasib sing kurang becik lan kedadeyan sing durung mesthi wong liya bisa nindakake kanthi becik kayadene paraga Kanaya. Nasib utawa kahanan sing kurang becik sajrone panguripane paraga Kanaya kasebut sing bisa agawe Kanaya luwih mandhiri lan kuat ngadhepi kahanan uripe. Kahanan sing kaya mangkono sing bisa ngeterake Kanaya tumuju marang pepingine lan kasil nggayuh kabutuhan *aktualisasi* dhiri. Wujud kelara-lara sing dialami dening paraga Kanaya sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki:

Ditinggal Seda Ibune

Sajrone babagan iki, ditinggal seda ibune ing kene tegese ditinggak Bu Yati seda yaiku ibu kang nggulawenthah paraga Kanaya. Sajrone novel pangripta nggambarkerake dalam uripe paraga Kanaya tumuju marang *aktualisasi* dhiri. Paraga Kanaya digambarkerake wiwit cilik uripe katula-tula. Sajrone panguripane akeh kedadeyan-kedadeyan kang kudu diadepi dening paraga utama. Salah sijine yaiku ditinggal seda dening paraga Bu Yati yaiku ibu sing nggulawenthah paraga utama. Saka kedadeyan-kedadeyan kasebut agawe paraga utama luwih bisa urip mandhiri lan kuat. Mandhiri kasebut kalebu salah sijine titikan pawongan kang ngaktualisasi dhiri kaya dene sing diandharake dening Maslow. Kedadeyan kasebut bisa ngeterake paraga marang pepingine nduweni panguripan kang luwih becik lan laras karo panguripane. Pepinginan kanggo nggayuh panguripan sing becik lan laras mau mujudake sawijining cara kango tumuju marang *aktualisasi* dhiri. *Aktualisasi* dhiri minangka kabutuhane manungsa sing paling dhuwur sajrone teori Maslow. Babagan kasebut bisa dadi babagan kang njurung paraga utama *aktualisasi* paraga utama. Babagan ditinggal seda dening paraga Bu Yati luwih cethane bisa dideleng ing cuplikan-cuplikan ing ngisor iki :

“Budhe...! Ibu...! Budhe...!” “wis Ndhuk sing sabar ya, kabeh wis dadi kersane Gusti. Aja sedhiih. Kowe dedonga wae kareben ibumu diparing pangapura, oleh pepadhang supaya bisa mlebu ing swarga” “terus kula mangke urip kale sinten, Budhe ?” Ana rasa sedhiih ing atine Kanaya amarga ditinggal salawase dening ibune, nanging uga ana rasa kuwatir mikirake uripe sesuk. Mbakyu, kakang, adhi, lan sanak kadang liyane dheweke ora ngerti, bapak uga wis ninggalake dheweke. Atine Kanaya bingung, amung bisa nangis sesegukan. Luhe dheweran.
(Sri Haryanti,2017:39)

Cuplikan kasebut kadeleng Kanaya sing ditinggal seda dening Bu Yati. Babagan kasebut diandharake dening paraga Budhe Marni. Kadeleng paraga Kanaya sing ngrasa sedhiih kelangan ibune. Ing cuplikan kasebut kadeleng Budhe Marni sing nyoba nenangna paraga Kanaya supaya bisa ngikhlasna ibune. Kedadeyan kasebut agawe paraga kanaya bisa urip mandhiri lan bisa njurung *aktualisasi* dhiri paraga Kanaya. Saka kelangan ibune kasebut paraga Kanaya ora nduweni kulawarga maneh, bab kasebut bisa kadeleng saka cuplikan sing ngandharake Kanaya sing ora ngerti kulawargane, bapake uga wis ninggalake Kanaya. Babagan kasebut sig bisa agawe Kanaya luwih

kuwat supaya bisa nggayu pepingine nguweni panguripan kang becik lan njurung pagara utama nggayuh *aktualisasi* dhiri senadyan urip dhewean.

Dibucal Ibu kang Nglairake

Kelara-lara kang dirasakake dening paraga Kanaya kang kaping loro yaiku nalika paraga Kanaya mengerteni sejatine Kanaya kasebut dudu anak saka ibu Yati. Paraga Kanaya wiwit cilik dibucal dening ibu sing wing nglairake. Kelara-lara awujud kahanan sing kaya mangkunu, dadi babagan kang bisa njurug *aktualisasi* dhiri paraga utama bisa kawujud. Saka kahanan kasebut paraga Kanaya tuwu pepingine bisa nemokake ibu asline. Pepinginan kasebut mujudake salah sawijining cara tumuju proses *aktualisasi* dhiri.

Ana saperangan cuplikan kang nuduhake Kanaya dibucal dening ibu kang nglairake kasebut. kaya dene sajrone novel kadeleng nalika Kanaya maca layang saka Bu Yati. Nalika wis seda Bu Yati ninggalake layang kang isine ngenani sapa sejatine Kanaya. Saka surat kasebut paraga Kanaya ngerti yen dheweke dudu anak saka Bu Yati nanging wong liya. Bu Yati amung ibu sing nggulanthah dheweke wiwit cilik. Babagan kasebut bisa kadeleng saka cuplikan ing ngisor iki:

Ibu njaluk pangapura marang kowe yen Sasuwene iki ibu wis nyimpen wadi. Ibu ora kuwawa blaka marang awakmu. Sejatine ibu iki dudu ibu kang nglairake kowe. Ibu amung ibu sing nggulawenthah kowe wiwit kowe isih bayi. Nanging katresnane ibu marang kowe ora bisa kapetung karo apa wae. Kanaya, ibu nemokake awakmu ing ngarep omah. Biyen nalika ibu isih manggon ing Bantul, ana pawongan sing nyelehake kranjang ing ngarep omahe ibu ing wayah bengi. Ibu amung nemokake layang kang isine supaya ibu gelem nggulawenthah kowe. Mbok menawa pawongan mau ngerti yen ibu ora bisa duwe anak. Mula wong mau maringake awakmu marang ibu, ing akte lairmu pancek katulis jenenge ibu lan bapak, nanging ibu tetep kudu juru, anakku. Ora ana katrangan kang nyebutake sapa sing wis ninggal kowe. Amung gelang mas kang ditinggal kanthi tulisan R.K.S, sarta foto priya sepuh kakung putri lan ing sawalike foto mau ana tulisan rama ibu. (Sri Haryanti,2017:46)

Cuplikan ing nduwur nuduhake isi layang saka Bu Yati. Layang kasebut minangka peninggalan saka Bu Yati. Saka layang kasebut paraga Kanaya mangerteni sejatine dheweke kuwi sapa. Sajrone cuplikan kasebut cetha diandharake dening Bu Yati Yen

paraga Kanaya dudu anake, Bu Yati nemokake Kanaya ing ngarep omah. Bu Yati amung ibu sing nggulawenthah paraga Kanaya wiwit cilik. Ing cuplikan kasebut uga diandharake ngenani sisik melik kulawargane Kanaya senadyan sisik melik kasebut isih ora cetha. Mangerten sing sabenere kaya mangkunu agawe paraga Kanaya kelara-lara lan ngerasa sedhiih, ibu sing nglairake wong mbucal dhewe. Rasa kelara-lara kasebut kang bisa dadi babagan kang njurung *aktualisasi* dhiri paraga Kanaya kawujud. Saka rasa larane kasebut nuwuhake semangat kango nggayuh pepingine bisa nduweni panguripan kang luwih becik uga laras karo pepingine.

Ora Diakoni Dening Kulawargane

Wujud kelara-lara sing dadi babagan njurung *aktualisasi* paraga utama sajrone novel Kori Wus Tinarbuka iki yaiku nalika Kanaya ora diakoni dening kulawarga saka ibu kang nglairake Kanaya. Kahanan kasebut agawe paraga Kanaya luwih semangat lan dadi babagan kang njurung paraga utama nggayuh *aktualisasi* dhirine.

Ora diakoni dening keluargane pancek dadi babagan sing gawe lara atine Kanaya. Nrima kasunyatan pancek abot sanggahe. Gelem nampa kasunyatan sajrone panguripane uga ana sing ora gelem. Kayadene paraga Pak Sutomo sing ora gelem nampa kasunyatan yen paraga Kanaya kuwi sejatine putune. Babagan kasebut sing agawe Kanaya ngrasa kelara lara ananging uga bisa menehi semangat lan luwat nalika ngadhepi panguripane. Babagan kang nuduhake Paraga Pak Sutomo ora ngakoni Kanaya busa kadeleng saka cuplikan ing ngisor iki :

“Bapak lan ibu ampun ngaku-ngaku! Kula mboten trimah manawi Bapak lan Ibu mastani anak kula ibunipun lare menika. Kula mboten badhe ngakeni!” pambengoke Pak Sutomo, Priyayi kakung kang yuswane wis ora timur maneh kuwi tetep katon medeni nalika nesu. Kanaya wel-welan, tangane nyekeli Budhe Marni. Budhe Marni ngerti apasing dirasakake dening Kanaya, tangane ngelus-elus Kanaya. (Sri Haryanti,2017:127)

Cuplikan ing nduwur nuduhake paraga Kanaya sing ora diakoni dening Eyang kakunge ora liya yaiku pak Sutomo. Ing cuplikan kasebut Pak Sutomo ngendhika yen ora trima yen anake yaiku Bu Ratna disebut ibu saka Kanaya. Babagan kasebut nuduhake yen Pak Sutomo ora gelem nampa Kanaya minangka putune. Babagan kasebut sing agawe Kanaya wedi lan ngerasa kelara-lara ngadhepi panguripane. Nanging saka

rasa kelara-lara kasebut bisa gawe Kanaya luwih kuwat, mandiri lan bisa mbuktekake dening wong sing nyiyak-nyiyakake Kanaya yen dheweke bisa sukses lan urip becik tanpa bantuan saka wong-wong kasebut. babagan kasebut sing bisa njurung *aktualisasi* paraga utama. Mula ora diakoni dening kulawargane kasebut bisa dadi wujud kelara-lara sing njurung *aktualisasi* paraga utama sajrone novel Kori Wus Tinarbuka.

Cuplikan-cuplikan kang wes diandharake ing nduwur minangka wujud saka panguripane Kanaya sing kelara-lara kang kasing dadi bab sing njurung paraga Kanaya bisa nggayuh *aktualisasi* dhirine, wujud rasa kelara-lara sajrone uripe Kanaya ing antarane yaiku nalika ditinggal seda dening ibu sing nggulawenthah dheweke yaiku ibu Yati, banjur nalika Kanaya mangerteni sejatine dheweke yaiku nalika Kanaya dudu anak kandung saka Bu Yati nanging ibu sing nglairake dheweke wis bukal Kanaya lan ditemokake dening Bu Yati. Pungkasan yaiku nalika ora ditampa dening kulawargane saka ibune. Kahanan sing sing kudu dialami dening Kanaya kasebut agawe dheweke kelara-lara. Nanging saka urip sing kelara-lara kasebut bisa gawe bab kang njurung *aktualisasi* dhirine paraga utama lan bisa kasil ing panguripane.

Pepalang Kang Diadepi Paraga Utama Nalika Mujudake *Aktualisasi Dhiri* Sajrone Novel Kanthi Irah-Irahan Kori Wus Tinarbuka Anggitane Sri Haryanti

Anggone nggayuh *aktualisasi* dhirine kasebut mesti ana pepalange, kaya dene nalika paraga utama pedhot *komunikasi* lan pisah karo Budhene yaiku Budhe Marni sing nduwensi peranan wigati sajrone panguripane Kanaya, saliyane iku nalika paraga utama ora kasih anggone ndoleki ibu sing nglairake, kahanan iki sing gawe paraga utama atine ora bisa jenjem. Babagan kasebut sing gawe *aktualisasi* dhirine paraga utama kurang sampurna. Mula babagan kasebut kang dadi pepalang sajrone paraga utama nggayuh kabutuhan *aktualisasi* dhirine. Sakabehe pepalang-pepalang mau bisa ngancem lan ganggu jiwa paraga utama kanggo nggayuh kabutuhan *aktualisasi* dhirine. Babagan pepalang luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki.

Kapedhotan Sesambungan

Kapedhotan sesambungan ing kene yaitu sesambungan karo Budhe Marni lan wong sing nduwensi peranan wigati tumrap proses nggayuh *aktualisasi* dhirine. Kapedhot sesambungan iku salah siji kahanan nalikan kawiwitane isih bisa komunikasi marang wong

liya kanthi becik, nanging sawayah-wayah bisa pedhot amarga samubarang kang ngakibatake komunikasi kasebut pedhot. Kaya dene paraga utama kang kapedhot sesambungan karo kulawargane Budhe Marni.

Kapedhotan sesambungan dening Budhene yaiku Budhe Marni, kahanan kasebut minangka salah sijine pepalang paraga utama nggayuh *aktualisasi* dhiri. Kapedhotan sesambungan dening budhe Marni kawiwitani nalika paraga utama pisah karo kulawarga Budhe Marni amarga sekolah ing Jerman. Kuliah ing Jerman paraga utama kelangan HP-ne sing gawe komunikasine Kanaya karo Budhe Marni. Amarga mung saka hp paraga utama bisa tetep komunikasi kanthi becik nalika adoh saka kulawargane Budhene sing wis dianggep kulawargane dhewe ing Ngayogyakarta. Gegambaran kasebut luwih cethane bisa dideleng sajrone cuplikan ing ngisor iki :

Dina iki Kanaya kepingin nemoni kulawargane Budhe Marni sarta tangga teparo sing wis mbiyantu dheweke biyen. Sasuwene dheweke kuliah menyang Jerman lan makarya ing Jakarta, dheweke wis ora tau sesambungan karo kulawargane Budhe Marni. Nalika kuliah ing Jerman, hp-ne ilang kamangka ing hp mau ana nomer hp-ne Budhe Marni sarta liya-liyane. Sejatine Kanaya kepingin menehi surprise. Dheweke wos nyawiske bebungah kanggo Budhe Marni sarta tangga teparone biyen. Nanging saiki omah sing biyen dinggoni sarta kontrakane Budhe Marni lan tangga teparo wis dadi pomahan anyar. (Sri Haryanti,2017:15)

Cuplikan ing nduwur mujudake narasi saka pangripta kang nuduhake bab kang gawe paraga utama bisa pedhot komunikasi dening Budhe Marni. Cuplikan ing nduwur nuduhke yen paraga Kanaya kelangan Hp-ne nalika kuliah ing Jerman. Mula Kanaya ora bisa komunikasi maneh dening Budhe Marni lan Kulawargane saha tangga teparone nganti paraga Kanaya balik ning Indonesia lan makarya ing Jakarta. Saka ilange hp-ne Kanaya ing Jerman Kasebut gawe paraga utama ora bisa ketemu dening kulawargane Budhe Marni nalika wis mulih ing nagarane. Babagan kasebut dadi pepalang paraga utama nggayuh pepengine yaiku bisa urip becik lan laras karo pepenginane. Ing kene Kanaya kepingin bales kabecikane kulawargane Budhe Marni lan tangga teparone biyen. Amarga wong-wong kasebut nduwensi peranan kang wigati sajrone panguripane paraga utawa nalika cilik. Mula Kanaya kudu bisa nemokake dununge Budhe Marni supaya bisa bebungah kanggo Budhe Marni lan tangga teparone biyen. Saka cuplikan ing

nduwur nuduhake perkara yaiku ilange Hp-ne Kanaya ing Jerman sing gawe pedhoting komunikasi dening Budhene. Babagan kasebut kalebu pepalang *aktualisasi* paraga utama.

Kelangan Tlacak

Kelangan Tlacak ing babagan iki yaiku kelangan tlacak ngenani ibune, yaiku nalika paraga Kanaya ora kasil golek sisik melik ibune. Sing dimaksud ibune ing kene yaiku ibu kang nglairake paraga utama. Babagan kasebut kang dadi salah sijine pepalang liyane kanggo nggayuh *aktualisasi* dhiri. Kanggo bisa nggayuh pepenginan supaya bisa nduweni panguripan kang becik kayadene oleh pakaryan sing enak lan bisa urip normal kayadene wong liya. Paraga utama pancen wiwit cilik wis nduweni nasib sing kurang becik. Wiwit cilik dibucal dening ibu sing nglairake dheweke. Rasa pengin ketemu ibune kasebut sing gawe Kanaya kepikir terus ngenani ibune. Paraga Kanaya kepingin mangerten iku sing nglairake dheweke supaya bisa nggayuh *aktualisasi* dhiri kanthi sampurna. Rasa kepingine kasebut agawe paraga utama ndoleki sisik melik ibune. Nanging ora kasil. Babagan kasebut sing dadi pepalang Kanaya nggayuh kabutuhan *aktualisasi* kanthi sampurna, amarga rasa pengin ketemu ibune kasebut gawe ganggu jiwa lan pikirane Kanaya. Nalika nggoleki sisik melik ibune Kanaya dibantu dening Pakdhe Edi garwane Budhe Marni. Babagan nalika paraga utama ora kasil ndoleki ibune kasebut bisa kadeleng saka cuplikan ing ngisor iki :

“Nay...!” Pakdhe Edi miwiti ngendikane. “Pak, Tuti angsal mireng mboten, Pak?” “Ora apa-apa, Ndhuk. Ananging iki mung kanggo kulawargane awake dhewe wae.” “Inggih, Pak.” “Ngene, Ndhuk. Pakdhe wis ketemu desa Wonorejo, ya desane Bu Yati, ibumu. Mau Pakdhe ya ketemu karo wong-wong sing biyen ngertu sujarahmu. Pancen bener apa sing dikandhakake dening Pak Muji, tukang sapu ing sekolahmu. Ananging wong-wong ing kono uga ora ngerti sapa ibu sing wis tega mbuwang bayi mau.”(Sri Haryanti,2017:104)

Cuplikan ing nduwur mujudake ngendikane Pakdhe Edi ngenani sisik melik ibune. Pakdhe Edi cecaturan karo Kanaya ing omahe, ning kunu uga anake anake pakdhe Edi lan Budhe Marni yaiku Mbak Tuti. Ing cuplikan kasebut nuduhake paraga Pakdhe Edi sing ngendika wis ndoleki sisik melik desane Bu Yati yaiku ibu sing nemokake Kanaya lan nggulawenthah wiwit cilik. Nanging Pakdhe Edi urung kasil ndoleki sisik melik sejatine pawongan sing buwak Kanaya. Sajrone cuplikan ing nduwur nuduhake yen Pakdhe Edi uga

mbenerake ngenani Kanaya sing ngrungokake ngendikane Pak Muji tukang sapu ing sekolahe sing cerita ngenani warta bocah cilik sing dibucal ing desane biyen. Bocah kasebut pancen Kanaya. Nanging Pakdhe ora kasil nggolek sisik melok ibune. Wong-wong ing kana uga ora mangerten iku sing tega buwak bayi kasebut. babagan kasebut wis digambarake sajrone cuplikan ing nduwur. Cuplikan kasebut nuduhake bab ora kasil ndoleki ibune yaiku ibu sing nglairake Kanaya. Babagan kasebut sing gawe pepalang nalika nggayuh *aktualisasi* dhiri paraga utama, amarga perkara kasebut ngganggu pikirake Kanaya. Saliyane iku Kanaya kepingin ndoleki ibune supaya bisa mangerten jati dhirine Kanaya supaya bisa nggayuh panguripan kang becik.

Saka cuplikan-cuplikan kang wis diandharake ing nduwur, bisa nuduhake yen pingin ngayuh apa sing dipengini lan bisa nggayuh panguripan sing becik lan laras karo pengine kasebut mestine ana pepalang lang kudu diadepi dening paraga utama. Pepalang-pepalang kasebut yaiku kapedhotan sesambungan lan kelangan tlacak. Babagan kasebut wis dibuktikake lumantar cuplikan-cuplikan kang kajupuk sajrone novel Babagan kasebut sing dadi pepalang paraga utama kanggo nggayuh *aktualisasi* dhiri sajrone novel Kori Wus Tinarbuka iki.

PANUTUP

Dudutan

Dudutan kang bisa dipethik saka asile panliten ing novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S kanthi tintingan psikologi humanistik Abraham Maslow kaperang dadi telu. Asile panliten kasebut cundhuk karo undheran panliten. Asile panliten ngenani wujud kabutuhan *aktualisasi* dhiri paraga utama Kanaya lumantar mandhirine nglakoni panguripane nalika nggayuh *aktualisasi* dhiri. Saka limalas titikan pawongan sing nindakake *aktualisasi* dhiri kang diandharake dening Maslow ana nem titikan sing bisa kajupuk kang cundhuk karo isine novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Titikan kasebut ing antarane yaiku Mandhiri, Nrima, Prasaja, Nduweni kawigaten sosial, Bisa misahake dhiri (kabutuhan *privasi*) lan *Kreatif*. Saka nem titikan kasebut kang luwih onjo yaiku mandhirine paraga utama nalika nglakoni panguripane ing proses *aktualisasi* dhirine.

Kabutuhan *aktualisasi* dhiri paraga utama Kanaya sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S iki. Pangripta nggamarake paraga utama Kanaya kang kudu ngadhepi perkara-

perkara ing panguripane kanthi kuat, nrima lan mandhiri sajrone proses *aktualisasi* dhirine. Perkara-perkara kang ana sajrone proses *aktualisasi* dhiri paraga utama Kanaya kasebut kang bisa dadi babagan kang njurung *aktualisasi* dhiri paraga utama Kanaya sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S. babagan kang njurung *aktualisasi* kasebut ing antarane yaiku kelara-lara kang dirasakake dening paraga utama nalika ngadhepi panguripane tumuju marang proses *aktualisasi* dhiri Kanaya. Wujud kelara-lara kasebut yaiku kedadeyan nalika ditinggal seda ibune (Bu Yati), mangerteni sejatine Kanaya (Dibucal ibu kang nglairake), lan ora diakoni dening kulawargane. Kedadeyan-kedadeyan kasebut sing dadi babagan kang njurung *aktualisasi* dhiri paraga utama bisa kagayuh. Saka perkara-perkara kasebut paraga Kanaya luwih kuwat lan mandhiri sajrone ngadhepi perkara-perkara lan nglakoni panguripane kanthi luwih kuwat lan mandhiri.

Saka sakabehe perkara kang kagambarake sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S sing dadi bab kang njurung *aktualisasi* dhiri paraga utama Kanaya kasebut. Nalika proses nggayuh *aktualisasi* dhiri mesthine ana pepalang kang ana sajrone proses *aktualisasi* dhiri kang diadepi dening paraga utama. Pepalang-pepalang kasebut kudu dilakoni lan diadepi dening paraga utama Kanaya nalika proses *aktualisasi* dhiri kasebut supaya bisa kagayuh. Pepalang-pepalang kasebut ana loro ing antarane yaiku pedhoting komunikasi dening Budhene lan ora kasile ndolek sisik melik ibune. Babagan kasebut sing gawe pepalang paraga utama nalika nggayuh *aktualisasi* dhirine yaiku bisa nggayuh pakaryan becik uga bisa nduweni panguripan sing becik lan laras karo pepenginane paraga utama. Pepalang kasebut kudu bisa diadepi dening paraga utama supaya kabututuhan *aktualisasi* dhiri paraga utama Kanaya bisa kacukupan kanthi sempurna.

Pamrayoga

Panliten kanthi irah-irahan *aktualisasi* dhiri paraga utama sajrone novel *Kori Wus Tinarbuka* anggitane MM. Sri Haryanti, S.S iki kaajab bisa kanggo nambahi wawasan ngenani panliten mligine sastra Jawa modern, senadyan kang ditliti amung sethithik lan kurange kawruh. Panliten iki uga bisa kanggo nambah kawruh lan piguna tumrap pamaos kanggo ngripta lan ngrembakakake nliti sastra sabanjure. Saliyane iku panliten iki uga bisa kanggo nambahi pangrembakane analisis dhata khususe bab kajiwane paraga kang bisa didadekake kaca pangilon tumrap panguripane

manungsa lumantar kajian psikologi humanistik Abraham Maslow. Panliti sadhar dene panliten iki isih adoh saka sampurna. Kala-kala ana lupute bab kawruh, bab tata tulis, apa maneh bab basane, mula panliti ngarep-arep anane pitedah kang asipat mangun lan migunani tumrap panliten iki lan lan sabanjure ngenani psikologi sastra mligine ngenani kabutuhan *aktualisasi* dhiri kanthi luwih becik.

KAPUSTAKAN

- Darni. 2016. Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam Fiksi Jawa Modern, Surabaya : Unesa University Press.
- Damono, Sapardi Djoko. 1979. *Sosiologi Sastra: Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Depertemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Jakarta: Pustaka Widyatama
- Feist, Jest,. Ian Gregory J. Feist. 2010. *(Teori Kepribadian (Theories of Personality)*. Jakarta: Salemba Humanika
- Feist, Jess & Feist, Gregory J. 2011. *Teori Kepribadian (Edisi 7)*. Jakarta: Salemba Humanika.
- Goble, Frank. 1987. *The Third Force, The Psychology of Abraham Maslow*. Diterjemahake dening Supratinya A. Yogyakarta: Kanisius
- Haryanti, Sri. 2017. *Kori Wus Tinarbuka*. Yogyakarta: Dinas kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Hartoko, Dick lan B. Rahmanto. 1987. *The Third Force, The Psychology of Abraham Maslow*. Diterjemahake dening Supratiknya A. Yogyakarta: Kanisius
- Nurgiyantoro, Burhan. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*, Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Ratnasari, Mutia. 2014. *Perkembangan Kepribadian pada Tokoh Utama dalam Novelet Babalik Pikir Karya Samsoedi*. Fakultas Ilmu Budaya : Universitas Padjajaran.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*, Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2008. *Pengantar Teori Satra*, Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*, Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Penelitian Sastra: Teori, metode, dan Teknik*. Yogyakarta: Pustaka Belajar

Salkind, Neil J. 2010. *Teori-Teori Perkembangan Manusia*, Bandung: Nusa Media.

Sugihastuti. 2002. *Teori dan Apresiasi Sastra*, Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Sumardjo, Jakob dan Saini K.M. 1986. *Apresiasi Kesusastraan*, Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.

Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta : Duta Wacana University Press.

Shultz, Duane. 1991. Psikologi Pertumbuhan : *Model-Model Kepribadian Sehat*. Yogyakarta: Kanisius

Wellek, Rene, dan Austine Warren. 1989. *Teori Kesusastraan (Diterjemahkan dalam bahasa Indonesia oleh Melani Budiana dari Judul asli Theory of Literature)*. Jakarta: PT. Gramedia Utama.

Walgitto, Bimo. 2004. Pengantar Psikologi Umum. Yogyakarta: Andi Offset.

Sumber Internet :

Ahmadi. 2013. Teori Kognitif Abraham Maslow. Online <http://blog.elearning.unesa.ac.id/tag/teori-kognitif-abraham-maslow-herzberg>. Diakses tanggal 09 Desember 2019

Wardana, Dian. 2010. Teori Motivasi. Online <http://klipingcatatan.blogspot.com/2010/12/teori-motivasi.html>. Diakses tanggal 09 Desember 2019

